




LIS WOUJ POU DEKRETE
IJANS
POU ZÈV KILTIRÈL
AYISYEN YO KI
AN DANJE

RedList
LisWouj
ICOM



ICOM conseil
international
des musées

LIS WOUJ POU DEKRETE IJANS POU ZÈV KILTIRÈL AYISYEN YO KI AN DANJE

Lis Wouj pou dekrete ijans pou Zèv kiltirèl ayisen yo ki an danje se premye pati nan yon pwogram jeneral pwoteksyon Patrimwàn kiltirèl pou tout zile Ispayola a. Apre premye pati sa a, pral genyen yon lot Lis Wouj pou zèv ki pi an danje kay Dominiken.



Santre d A, Pòtoprens. © UNESCO/Fernando Brugman

Entwodiksyon

Patrimwàn kiltirèl peyi d Ayiti represante yon riches. Gen ladan li yon seri vestij depi nan tan avan dekovèt zile a. Yo rele period sa a Prekolonbyen. Apre sa nou gen vestij peryòd kolonyal la pourive nan moman nap viv la ke yo rele peryòd nasional la, san konte kantite piyès atistik, atizana e latriye. Patrimwàn sa a gen yon plas santral nan bay peyi a mak fabrik li ansanm ak idantite nasional sitoyen yo.

Menm si gen kèk lwa nasional ak entènasyonal ki pwoteje li, patrimwàn kiltirèl ayisen an ap sibi anpil anpil ak yon koken trafik ilegal ki chita sou yon mache ke entènasyonal la reprezante fas a la mizè pèp ayisen an. Tranblemantè 12 janvye 2010 a fè sitirasyon an vin pi terib toujou, epi li kite patrimwàn ayisen an san defans devan piyay, volò ak zak krazebrize.

Lis Wouj pou dekrete ijans pou Zèv kiltirèl ayisen yo ki an danje se repons ICOM bay fas a ogmantsyon san limit trafik ilegal sa a epi tou se repons li devan egzijans kèk enstitisyon tankou Entèpòl, Organizasyon Mondyal Ladwàn ak INESKO fè li. Lè nou konnen enpòtans patrimwàn kiltirèl sa a genyen nan kè tout pèp ayisen an, pran mezi pou bloke, pou anpeche kèk zèv kite peyi a san kontwòl, se yon aksyon ki enpòtan anpil pou kore jefò k ap fèt pou redresman peyi d Ayiti.

Bi pwogram sa a, ki kote nou vle rive

Lis Wouj pou dekrete ijans pou Zèv kiltirèl ayisen yo ki an danje se yon zouti pou ede anplwaye ladwàn yo, polise yo ak pwofesyonèl kap travay nan domèn patrimwàn, pou yo ka idantife, rapid rapid, tout kategori byen kilitrèl yo ki plis abitye nan trafik ilegal sa. Kategori sa yo pwotege pa lalwa ki entèdi lavant yo ak espòtasyon yo. Sepandan tout sa kap fèt nan tan nap viv la a, ke l kreasyon atistik, ke l atizana, pa gen youn ki pwoteje pa lwa yo ki konsène Patrimwàn kiltirèl la. Lis Wouj pou dekrete ijans la ranmase yo tout paske depi tranblemantè a, tout zèv sa yo an danje ak vole osnon piyajè.

Ositou, tout, achtè ki enterese kapab konsilte *Lis Wouj pou dekrete ijans* la; kanta anplwaye ladwàn, ak lapolis, fòk yo byen verifye tout piyès ki vin devan yo, chache konnen ki kote li soti ak gade prèv ke li byen achte.

Lis Wouj pou dekrete ijans pou Zèv kiltirèl ayisen yo ki an danje pa yon lis definitif. Li toujou ap renouve tet li. Sepandan, tout byen kiltirèl kap kite peyi d Ayiti fèt pou kontwole. Lis Wouj pou dekrete ijans la pa vin pou antrave komès legal byen kiltirèl yo ke nou konnen ki tèlman enpòtan e pou mentni tout tradisyon yo e pou ede lavi atis yo san konte kontribisyon komès sa a pote nan ekonomi peyi a.

Patrimwàn kiltirèl peyi d Ayiti pwoteje pa:

Prèske tout lwa ke nou prezante yo, kounye a yap retravay sou yo ankò.

Sepandan otorite ayisyen yo bay dizon yo pou piblikasyon sa a, ositou Lis Wouj sa a pa anrejistre totalite zèv yo.

KONSTITUSYON 10 MAS 1987 REPUBLIK D AYITI A

LWA PEYI D AYITI

Lwa 23 avril 1940

sou Patrimwàn istorik, atistik, naturel ak akeyologik

Lwa 1e jiyè 1983

ki kreye Enstiti nasyonal ayisyen pou I A ak Lakilti

Lwa Janvye 1995

ki kreye Ministè la Kilti ak Kominikasyon

Dekrè-lwa 31 oktòb 1941

ki kreye Biwo Etnoloji

Dekrè 4 daout 1950

sou Mize nasyonal la

Dekrè 10 Me 1989

ki kreye Komisyon nasyonal sou Patrimwàn nan

Arete

Arete ki rekonèt kom pati nan Patrimwàn

kay ki gen Mize Enprimri a ak tout sa ki ladan yo (Mize sa a se yon pwojè)

KONVANSYON ENTENASYONAL

Konvansyon INESKO

sou tout mezi ki dwe pran pou entèdi epi anpeche enpòtasyon, espòtasyon ak transfè tout piyès ki gen rapò ak la kilti ke ya ta achte nan move kondisyon
(Pari, 14 novanm 1970)

Konvansyon INESKO

sou pwoteksyon patrimwàn mondal ki konsène lakilti ak lanati
(Pari, 16 novanm 1972)

Konvansyon OEA

sou pwoteksyon patrimwàn akeyolojik, istorik ak atistik tout nasyon ki nan Amerik la, Konvansyon sa rele tou Kovansyon de San Salvador
(Santiago, 16 jin 1976)

Konvansyon Nasyonini

sou dwa ki konsène lanmè (Montigo Be, 10 desanm 1982)
ak Akò 28 jiyè 1994 ki konsène aplikasyon pati XI Konvansyon sila

Konvansyon INESKO

sou pwoteksyon patrimwàn kiltirèl ki anba dlo
(Pari, 2 novanm 2001)

Konvansyon INESKO

INESKO pou sovgad pwatrimwàn kiltirèl imateryè
(Pari, 17 oktòb 2003)

Konvansyon INESKO

sou pwoteksyon ak pwomosyon tout fòm ki egziste nan domèn Kiltirèl yo
(Pari, 20 oktòb 2005)

Si ou ta wè yon piyès osnon yon zèv kiltirèl ki ta sanble yo volè oubyen ki sanble te achte nan move kondisyon, tanpri pran kontak prese prese ak:

Ministè LaKilti ak Kominikasyon

Kontak: Msye Stéfan
MALEBRANCHE, Direktè Jeneral
Telefòn: +(509) 3701 4001
Adrès elektwonik:
directiongenerale@mcc.gouv.ht

Mize Panteyon Nasyonal Ayisen (MIPANA)

Kontak: Msye Robert PARET,
Direktè Jeneral
Telefòn: +(509) 2222 8337
Fax: +(509) 2222 3177
Adrès elektwonik:
robertparet@yahoo.fr

Administrasyon Jeneral Ladwàn

Kontak: Msye Jean Jacques
VALENTIN, Direktè Jeneral
Telefòn: +(509) 3701 7372
Adrès elektwonik:
jeanjacques.valentin@douane.
gouv.ht

NAN LIS WOUJ SILA A N AP JWEN TOUT KATEGORI PIYES SILA YO:

Foto ke nou montre yo pa foto piyès yo vòlò; yo sèlman la pou bay yon lide sou ki kategori byen kiltirèl ki ka tonbe nan trafik ilegal.

Peryòd precolonbyèn an

1/ Zouti ak ôneman ki te sèvi nan seremoni, yo fèt ak wòch: rach ki poli, pilon, kolye pandantif, grenn pèl pou kolye, epi lòt piyès ki fèt ak wòch ki pi gwo, ki gen fòm sèk oubyen ak 3 pwent, eskilti an fòm tèt epi tou kèk moso piyès ak desen ki gen fòm jeometri oubyen ak fòm moun sou yo. [illus. 1-2-3]



1. Rach ki te sèvi pou seremoni, 800-1500 apr. J.-K., 16,8 x 15,3 x 3,6 sm. © Musée du Quai Branly



2. Rach, 800-1500 apr. J.-K., 16,3 x 6,6 x 2,7 sm.
© Musée du Quai Branly



3. Grenn pèl pou kolye an wòch, 1200-1500 apr. J.-K., ki soti nan sit En Bas Saline, aperè 1 x 1 sm. © Florida Museum of Natural History's Historical Archaeology Collections

2/ Piyès an seramik: ti estati en fòm moun, asyèt, bòl ak boutèy, bout potri (en fòm manch), ki swa yo ini swa yo gen sou yo desen jeometri, tèt moun osnon desen bèt. [illus. 4-5-6]



4



5



6

4. Dekorasyon sou vesèl, 800-1500 apr. J.-K., 6,8 x 7,6 x 2,4 sm.
© Musée du Quai Branly

5. Bòl ak manch yo ki dekore, 1200-1492 apr. J.-K., Republik Dominikèn, 10,3 x 19 x 16,4 sm.
© Musée du Quai Branly

6. Dekorasyon sou vesèl, 800-1500 apr. J.-K., ki soti nan sit El Cabo nan Republik Dominikèn, 5 x 5 sm.
© Leiden University/Museo del Hombre Dominicano

3/ Dekorasyon ki fèt ak koki lanmè: kèk bel ti plak ki byen lis, yo gen koulè blanch, kolye pandantif, gren pèl pou kolye, ki gen divès fòm ki fèt ak kòn lanbi. [illus. 7-8]



7



8

7. Kolye pandantif ki gen fòm figi moun (gualza), 800-1500 apr. J.-K., ki soti nan sit En Bas Saline, 4,25 x 4 sm.
© Florida Museum of Natural History's Historical Archaeology Collections

8. Yon bel ti plak dekoratif ki fèt ak kòn lanbi, 800-1500 apr. J.-K., ki soti nan sit El Cabo nan Republik Dominikèn, 4,8 x 1 sm.
© Leiden University/Museo del Hombre Dominicano

4/ Piyès an bwa: kèk ti piyès ki gen fòm moun oubyen bèt, vesò pou sèvi, tabourè, yo fèt ak bwa di ki poli, ki gen koulè mawon oswa nwa. [illus. 9-10]



9



10

9. Tabourè pou seremoni (*duho*), 800-1500 apr. J.-K., Ispayola, 42,4 x 30,4 x 71,5 sm.
© Musée du Quai Branly

10. Yon bèl piyès an bwa, ki gen fòm tiyo, 800-1500 apr. J.-K., Lagonav, 91,4 x 45,7 sm.
© National Museum of the American Indian, Smithsonian Institution

ZÈV KILTIRÈL AYISYEN YO KI AN DANJE

Kèk piyès reliye ak kèk piyès mistik

Divès kalite piyès, sitou pou sèvis vodou oswa reliye (petèt frannmason tou). Sak pou sèvis vodou yo preske toujou dekoré ak yon senbòl oswa naif epitou yo fèt ak branch osnon rasin bwa, twal, tè ajil, metal, oubyen ak siman tou. Ladan yo, gen eskilti, mèb, vesò, bijou, rad. [illus. 11-12-13-14-15-16]



11. Tanbou (*asòto*) ki fèt ak bwa epitou ak po bëf, XIX-XXyèm syèk, 142 x 52 sm. © Musée du Panthéon national haïtien (MUPANAH)

12. Drapo *Sen Jak*, ki fèt ak twal bwode ak payèt, XIX-XXyèm syèk, 79 x 77 sm.

© Fondation pour la préservation, la valorisation et la production d'œuvres culturelles haïtiennes (FPVPOCH)

13. Tatcha pou seremoni (*asson*) ak klòch, XIX-XXyèm syèk, *asson*: 29 x 10 sm. © FPVPOCH

14. Kwa *Bawon* ki fèt ak bwa, moso boutey epi bout fè, XIX-XXyèm syèk, wotèl: 122 sm. © FPVPOCH

15. Dekorasyon pou legliz, pa Wilson Bigaud, apeprè nan l'ane 1960, 160 x 196 sm. © Eglise épiscopale d'Haïti

16. Kwa an fè foje ki te nan ansyen Katedral Pòtoprens, apeprè nan l'ane 1850, 138 x 99 sm. © MUPANAH

Dokiman istorik

Achiv, maniskri, kat ak plan, liv tan lontan, ansyen papye sou istwa peyi d Ayiti. [illus. 17-18-19-20]



17. Kat La Spagnuola (Ispayola) ki an folyo, papye, XVI-XVIIyèm syèk, 43,2 x 26,7 sm. © Fonds Chatillon, Musée d'Aquitaine, 1999

18. Kat ki bay yon apèsi sa Kap Franse a te sanble, foto yon penti akawarèl sou papye, 1728, apeprè 35 x 24 sm. © Fonds Chatillon, Musée d'Aquitaine, 1999

19. Yon Lèt ki siyen pa Prézidan Tirésias Ogisten Simon Sam, papye, 1902, 17 x 30 sm. © Fonds Jacques de Cauna. Iconographie d'Haïti, 1980



20. Kat postal ki montre Moniman Aleksann Petyon, apeprè nan l'ane 1905, apeprè 15 x 10,5 sm. © Centre international de documentation et d'information haïtienne, caribéenne et afro-canadienne (CIDIHCA)



Monnen, meday, tenmlapòs...

Tout sa ki ka sèvi pou fè komès, achte/vann, pou selebre osnon komemore dat espesyal yo e ki fêt ak divès materyo tankou lò, ajan, kuiv osnon papiye. [illus. 21-22-23]



21



22



23



21. Piyès an ajan ki represente yon senkant sentim («Liberté»), 1895, Ø 2,9 sm. © Musée de la Banque de la République d'Haïti

22. Meday ki soti Puerto Real, an bwonz e ki gen emaye sou li, apeprè nan l'ane kòmansman XXyèm syèk, Ø 3,5 sm. © Fondation Ayizan Velekete

23. Yon Tenm pou lapost ki reprezante yon penti de Geo Ramponeau, papiye, 1946, apeprè 3,1 x 2,5 sm. © Collection privée

Ekipman, enstriman ak zouti

Tout sa ki te konn sèvi, ke yo an metal oubyen an bwa, ki soti nan kazèn oubyen nan pòs militè, ki soti nan endistri, sou plantasyon osnon nan kay, tankou zam, inifòm, batri kizin, chenn esklav, elatriye. [illus. 24-25-26-27-28-29]



24



25



26



27



28



29

26. Ba ak antrav pou pye esklav, ki fêt an fè, XVIIIyèm syèk, longè: 80 sm.
© Musée d'Aquitaine, 2009

27. Kannon an font ki soti nan Sitadèl Enri Kristòf, XVIIIyèm siyèk, longè: 343 sm.
© Institut de sauvegarde du patrimoine national (ISPAN), 2009

28. Moul pou fè pennsik ki fêt an tè ajil, XVIIIyèm syèk, 40 x 15 sm.
© Musée d'Aquitaine, 2009

29. Ja pou konsève melas, ki fêt an tè ajil, XVIIIyèm syèk, 45 x 30 sm.
© Musée d'Aquitaine, 2009

Konstriksyon, teknik konstriksyon ak òganizasyon vil yo

Tout vestij ki rete de ansyen konstriksyon, klòch, mèb ansyen, plak sou moniman istorik, mab sou tonm nan simityè, oneman pou lemò, fontèn. [illus. 30-31-32-33]



30



32



33



31

30. Plak an wòch ki soti nan yon gran bitasyon kafe, XVIIIyèm syèk, 50 x 25 sm.
© ISPAN, 2010

31. Fontèn kolonyal «Ducommun», XVIIIyèm syèk, 230 x 80 sm.
© Fonds Jacques de Cauna. Ikonographie d'Haïti, 1980

32. Fontèn «Ti Ameli» ki pentire ak penti aluil, XIXyèm syèk, se yon piyès ki mezire apeprè 90 sm. © CIDHCA


33. Yon klòch yo rele Klòch Lalibète, li fêt an bronz, 1791, 47,5 x 40 sm.
© MUPANAH

ZÈV KILTIRÈL AYISYEN YO KI AN DANJE

* Dans les catégories de biens culturels haïtiens présentées sur fond gris, les objets et œuvres de production contemporaine ne sont pas protégés par les lois relatives au patrimoine culturel mais ont été rendus vulnérables aux pillages et aux vols suite au séisme.

* Atizana ansyen ak tradisyon popilè

Kostim tradisyonèl ak tout sa ki sèvi pou, mizik, pou kay, pou jwe epitou zouti pou travay, ki dekore ak anpil koulè. [illus. 34-35-36]



34. Kostim *Rara*, an twal bwode ak gren maldioc, ak gren pèl epi ak payèt, XIX-XXyèm syèk, 71 x 72 sm. © FPVPOCH

35. Ja *Danbala Laflanbo*, XIX-XXyèm syèk, 69 x 53 sm. © FPVPOCH

36. Boutèy dekore, ak moso vè, ak bout twèl, ak payèt, XIX-XXyèm syèk, 25 x 8 sm. © FPVPOCH

* Zèv atistik

Zèv ansyen oubyen zèv modèn ki fèt pa atis ki fòme tèt yo pou kò yo oswa atis ki diplome.

1/ Tablo ki plen bèl koulè e ki reprezante: sèn ak peyzaj, bèt, evènman istokik, sèn delavi, sèn ki reprezante lwa, sèvis voodoo elatriye. Yo fèt sou kànva, sou sak kòlèt, sou twal, sou adbòd, playwoud. [illus. 37-38-39]



37. Pòtre Léger-Félicité Sonthonax, penti aluil sou twal, dénèye bout XVIIIyèm syèk, aperè 60 x 45 sm. © MUPANAH

38. Pòtre Louise Chancy, penti a lui sou twal, 94 x 75,5 sm. © MUPANAH



39. Hector Hypolite, *Promenade sur mer* [Pwomnad sou lanmè], penti aluil sou adbòd, aperè 1947, 48,3 x 66 sm.
© Musée d'Art haïtien du collège Saint Pierre

2/ Eskilti: an fè, an bwonz, an tè osnon an bwa, ak estil klasik osnon fantezi, relijye oson layik. [illus. 40-41-42]



40. Edmond Laforestri, *Bist Toussaint Louverture*, an bwonz, aperè nan l'ane 1870, 77 x 63 x 69 sm.
© Palais national, Port-au-Prince

41. Georges Liautaud, *La sirène diamant* [La sirèn dyaman], an fè fôje lamine, aperè nan l'ane 1960, 45,7 sm.
© Musée d'Art haïtien du collège Saint Pierre

42. Jean Baptiste ak Joseph Maurice, *Fem* [Fenm], bwa kajou, 1970, 86 x 15,2 x 30,5 sm.
© Musée Nader

POZISYON KONSEY ENTENASYONAL MIZE (ICOM) SOU PWOTEKSYON PATRIMWAN KILTIREL

Konsèy Entènasyonal Mize (ICOM) te pran nesans nan lane 1946. Wòli se reprezante mize yo ak moun ki ap travay nan mize atravè planet la. ICOM bay tèt li misyon pou li pwoteje epi fè pwomosyon patrimwàn kiltirèl, natirèl, materyèl ak imateryèl, tan lontan ak tan prezan, nan lemonn. Asosiyasyon an mete 40.000 moun ansanm nan yon rezo ki kouvari 138 peyi osnon teritwa afilye. ICOM mennen divès aksyon anrapò ak mize ak patrimwàn.

ICOM gen relasyon ofisyèl ak Organizasyon Nasyonzini pou Edikasyon, Lasyans ak Lakilti (UNESCO) kote li gen yon wòli konsilitatif anndan Konsèy Ekonomik ak Soyal Nasyonzini (ECOSOC), kòm espè sou zafè trafik ak lavant illegal byen kiltirèl yo. Pou li reyalize misyon li a e pou li bay yon sèvis publik entènasyonal kòmsadwa sou kesyon sa a, ICOM kolabore ak enstitisyon tankou INTERPOL epi Organizasyon Mondyal Ladwàn (OMD) tou.

Pwoteksyon patrimwàn nan moman katastwòf natirèl ak nan sitiyasyon kote gen konfli ak zam se youn nan gwo tètchaje ICOM genyen. Se sitou ak koudmen Komite pou Jesyon Risk ak Katastwòf (DRMC) epi ak konkou òganizasyon entènasyonal Boukliye Ble (Blue Shield), ICOM rive met men nan sa.

Ak divès kalte pwogram li met sou pye, ICOM gen kapasite pou li mobilize tout kalte espè atravè lemonn sou kesyon patrimwàn kiltirèl an jeneral.

An 2013, ICOM inogire premye Obsèvatwa Entènasyonal anrapò ak trafik illegal byen kiltirèl sou latè a (International Observatory on Illicit Traffic in Cultural Goods). Li fè sa pou ranfòse batay ki ap mennen kont trafik illegal ansanm ak batay kont moun ki ap vòlò zèv ak pwodiksyon atistik osnon richès ak lòt byen ki nan patrimwàn divès peyi.

Se konsa, piblikasyon Lis Wouj la rive fèt. Li la pou ede bare wout pou moun k ap chèche fè komès epi vann richès kiltirèl, divès peyi, yon fason illegal, san yo pa gen okenn dwa ni otorizasyon pou sa. ICOM remèse espè ak enstitisyon ki ap kore travay li a, san rete e san gad dèyè, apati distribisyon Lis Wouj la yo pou pèmèt batay sa a ansanm ak travay sila a reyisi pi plis.

Si nou vle genyen piplis enfomasyon sou Lis Rouj ICOM yo, ale nan adres sila a :
<http://redlist.icom.museum>

Lis Wouj pou dekrete ijans sa a realize gras a sipò:



*U.S. Department of State
Bureau of Educational and Cultural Affairs
Washington, D.C.*



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Swiss Confederation

Federal Department of Home Affairs FDHA
Federal Office of Culture FOC

ICOM conseil
international
des musées

22, rue de Palestro - 75002 Paris - France
Telefòn. : +33 (0)1 47 34 05 00 - Fax : +33 (0)1 43 06 78 62
Adrès elektwonik: illicit-traffic@icom.museum - Sit enténèt: <http://icom.museum>